



Pou Piblikasyon Imedya: 01/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON NAN DIVIZYON APÈL TRIBINAL SIPRÈM LAN

Nominasyon pou Ranpli Pòs Vid nan tout Kat Depatman Apèl yo Atravè eta a

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse senk nominasyon pou ranpli pòs vid nan Divizyon Apèl Tribunal Siprèm lan, nan tout kat Depatman Jidisyè New York yo. Jij ke yo te chwazi jodi a yo se yon koleksyon dinamik talan ak eksperyans ki soti nan tribal premye enstans, epi yo reflete ekselans ak divèsite nan sistèm jidisyè a toupatou nan Eta New York.

"Moun sa yo ke yo nome yo reprezante kèk pami lespri jiridik ki meyè epi ki pi klè nan Empire State la, montre entegrite, tanperaman ak angajman eksepsyonèl nan sèvis piblik", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Mwen fyè pou m nonmen jij sa yo nan Divizyon Apèl Tribunal Siprèm lan epi mwen gen konfyans ke yo pral fè yon travay ekselan kòm administratè nan sistèm jidisyè New York la."

Divizyon Apèl Premye Depatman Nonmen:

Gouvènè a te nonmen Lizbeth Gonzalez kòm Jij Tribunal Siprèm pou ranpli yon pòs vid Jij nan Divizyon Apèl Premye Depatman an. Premye Depatman an kouvrir Manhattan ak Bronx.

Onorab Lizbeth González

Jij González sèvi kòm Jij asosye nan Gwoup Apèl Tribunal Siprèm nan Premye Depatman an, yon pozisyon ke li te kenbe depi Jiyè 2016. Jij González sèvi tou kòm Tribunal Siprèm Jistics nan Branch Sivil la pou Konte Bronx. Anvan pozisyon sa yo, li te yon Tribunal Siprèm Pwezidan Jistics pou Branch Sivil Tribunal Siprèm lan nan Konte Bronx soti 2011 rive 2015. Li te sèvi tou kòm Jij pou Tribunal Fanmi NYC an 2010, Jij pou Tribunal Sivil NYC a apati 2005 rive 2010, ak Jij pou Pati Lojman nan Tribunal Sivil NYC sot apati 1999 rive 2004. Jij González te yon Pwokirè Jeneral Adjwen pou Depatman Lwa Eta New York ant 1990 ak 1995, yon Konseye Jiridik Adjwen pou Depatman Lwa NYC soti 1987 a 1990, ak yon Avoka Prensipal pou MFY Legal Services ant 1980 ak 1986. Li te gen diplòm Doktora Jiridik (J.D.) li nan Dwa li nan New York University ak Lisans Asosye (B.A.) li nan Antwopoloji nan Stony Brook University

Divizyon Apèl Dezyèm Depatman Nonmen:

Gouvènè a te nonmen Paul Wooten kòm Jij Tribunal Siprèm pou ranpli yon pòs vid nan Divizyon Apèl Dezyèm Depatman an. Dezyèm Depatman an gen ladan yon rejyon nan pati sid eta ki gen dis konte ki enkli konte Kings, Queens, Richmond: Long Island; ak

zòn anba Hudson Valley.

Onorab Paul Wooten

Jij Wooten prezide zafè sivil nan Tribunal Siprèm Konte Kings nan, li te eli Prezidan Tribunal Siprèm lan an 2009. Anvan li te syeje li, Jij Wooten te direktè ak Pwopriyetè Paul Wooten & Associates. Jij Wooten te yon ansyen konseye nan Kokis Lejislatif Nwa ak Pòtoriken (Black and Puerto Rican Legislative Caucus) nan Eta New York, Asistan Espesyal nan Manm Konsèy Edikasyon Vil New York (New York City Board of Education Members), Premye Avoka Adjwen Komisyon Revizyon Vil New York (New York City Charter Revision Commission), ak ansyen Chèf Kabinè Vis-Prezidan Pati Demokrat Eta New York nan Konvansyon Nasyonal la. Jij Wooten te sèvi tou kòm Konseye pou Kowalisyon pou Otonòmi Kominotè (Coalition for Community Empowerment), Chèf Ekip Avoka pou Manm Asanble Albert Vann, ak konseye Komite Asanble Eta New York Timoun ak Fanmi yo (New York State Assembly Committee on Children and Families). Li se yon Manm Fondatè nan Metropolitan Black Bar Association. JiJ Wooten te gen diplòm Doktora Jiridik (J.D.) li nan Northeastern Law School ak Lisans Asosye (B.A.) li nan University of Hartford.

Divizyon Apèl Twazyèm Depatman Nonmen:

Gouvènè a te nonmen John Colangelo ak Molly Reynolds Fitzgerald kòm Jij Tribunal Siprèm pou ranpli de pòs vid Jij nan Divizyon Apèl Twazyèm Depatman an. Twazyèm Depatman an kouvari ventwit konte ki nan pòsyon Rejyon Lès ak Nò yo nan Rejyon Nò New York, ki etale soti depi Mid-Hudson Valley pou rive sou Fwontyè Kanadyèn lan epi jis nan Iwès rive nan konte Schuyler ak Chemung ki nan Southern Tier.

Onorab John P. Colangelo

Jij Colangelo se yon jij Tribunal Siprèm nan nevyèm Distrik Jidisyè a, yon pozisyon ke li te eli ladan an 2013. Anvan li te vin yon Tribunal Siprèm Jistis, li te Jij nan Tribunal Konte Westchester soti 2010 rive 2013, ak Jij Tribunal de Vil nan New Rochelle depi 2002 rive 2009. Anvan li te vin yon jij, Jij Colangelo te nan yon pratik prive nan Colangelo & Goldenberg LLP. Jij Colangelo te resevwa diplòm Doktora Jiridik (J.D.) li nan New York University School of Law ak yon Lisans Asosye (B.A.) nan Brown University.

Onorab Molly Reynolds Fitzgerald

Jij Fitzgerald te sèvi kòm Jij Administratif nan Sizyèm Distri Jidisyè a depi 2016. Li te eli kòm yon Jij nan Tribunal Siprèm lan an 2007 e li te kòmanse tèm li an Janvye 2008. Anvan elekson li an, li te yon patnè nan kabinè avoka Smyk & Fitzgerald, LLP nan Binghamton. Jij Fitzgerald te pratike lwa tou nan Elmira ak Athens, Georgia. Li te gen diplòm Doktora Jiridik (J.D.) li nan Catholic University of America, Columbus School of Law ak Lisans Asosye (B.A.) li nan Trinity College, Washington, D.C.

Divizyon Apèl Katriyèm Depatman Nonmen

Gouvènè a te nonmen Tracey Bannister kòm Jij Tribunal Siprèm pou ranpli yon pòs vid nan Divizyon Apèl Katriyèm Depatman an. Katriyèm Depatman an anglobe vennde Konte Rejyon Nò ki nan pòsyon Rejyon Lwès ak Santral yo nan Eta a, ki ap elajи rive jis nan nò nan Konte Jefferson.

Honorable Tracey Bannister

Jij Bannister se yon Jij Tribunal Siprèm pou Uityèm Distri Jidisyè, yon pozisyon li te eli avan ladan an 2008. Li te Jij Sipèvizè pou Zafè Sivil nan Uityèm Distri Jidisyè depi 2016 jiska dat nominasyon sa a. Anvan pozisyon sa a, Jij Bannister te yon Jij Enterimè nan Tribunal Vilaj Kenmore soti 2005 rive 2008. Li te yon Grefye Legal tou pou Hon. Jerome C. Gorski, Tribunal Siprèm Eta New York ak Divizyon Apèl pou Katriyèm Depatman an. Anplis de sa, Jistis Bannister te yon Pwokirè Jijman pou Dempsey & Dempsey ak Kabinè Lwa nan Richard Binko. Li te gen diplòm Doktora Jiridik (J.D.) li nan DePaul University ak Lisans Asosye (B.A.) li nan Rutgers University.

Komite Siveyan Jidisyè pou chak nan kat Depatman Apèl yo te revize aplikasyon yo e te fè entèvyou ak plizyè douzèn aplikan. Se sèlman aplikan ke Komite yo jije "tré kalifye" ke yo te soumèt bay Gouvènè a pou konsiderasyon li. Pou yo ka jwenn yon moun "tré kalifye", kandida yo dwe afiche entegrite, endependans, lidèchip, entèlijans, kapasite legal, jijman, tanperaman, ak eksperyans.

Biwo Gouvènè pral kontinye revize kandida yo ki avanse avèk siksè nan pwoesisis siveyans lan pou ranpli pòs vid yo nan Divizyon Apèl Tribunal Siprèm lan.

Daprè Konsititisyon Eta New York ak Lwa Jidisyè, Gouvènè a gen otorite pou li nonmen Jij nan chak Divizyon Apèl pamì sila yo ki te chwazi kòm jij nan Tribunal Siprèm. Nominasyon sa yo pa bezwen konfirmasyon Sena a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)